

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan Modél *The Learning Cell* dina maca pamahaman Biografi Siswa Kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung dimimitian ku ngararancang pikeun ngamekarkeun pangajaran maca pamahaman biografi nu ditepikeun ngagunakeun modél pangajaran *The Learning Cell* miboga patokan kana Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) nu ngawengku: (1) kompetensi dasar, (2) indikator hasil diajar, (3) matéri pokok, (4) stratégi diajar, (6) sumber diajar, jeung (7) evaluasi diajar. Sakabéh éta indikator tina hasil observer geus nyumponan kana unggal indikator sarta kawilang alus.

Satuluyna léngkah-léngkah tina éta modél pangajaran yén unggal siswa dikelompokkeun anu jumlah tiap anggotana dua urang sarta sasama anggota kelompok éta silih méré patalékan tuluy hasil tina éta patalékan jeung jawaban ti tiap kelompok didiskusikeun di wangun klasikal

Cindekna tina ieu panalungtikan dumasar kana rumusan masalah jeung hipotésis saperti ieu di handap:

- 1) Kamampuh maca pamahaman siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *The Learning Cell* nya éta acan mampuh kalawan di handap niléy kritéria katuntasan minimal. Tapi sacara déskripsi kamampuh maca pamahaman kaasup katégori luhur.
- 2) Kamampuh maca pamahaman siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran *The Learning Cell* nya éta mampuh kalawan di luhur niléy kritéria katuntasan minimal. Tapi sacara déskripsi kamampuh maca pamahaman kaasup katégori luhur pisan.

- 3) Aya bédana antara kamampuh maca pamahaman biografi siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *The Learning Cell*. Nu ngabédakeun tina éta hal bisa ditempo dina indéks gain, dimana indéks gain nunjukeun ayana parobahan. Uji gain éta nuduhkeun ayana parobahan nu mangrupa ngaronjatna kamampuh maca pamahaman siswa kalawan dumasar hasil analisis kaasup katégori sedeng.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan anu geus kapuluruh, aya sawatara hal anu baris ditepikeun sangkan kamampuh maca pamahaman biografi siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung bisa ngaronjat, nya éta:

- 1) Modél pangajaran *The Learning Cell* geus kabukti bisa ningkatkeun kamampuh maca pamahaman biografi siswa kelas XI IPA 2 SMA Negeri 13 Bandung. Ku kituna modél pangajaran *The Learning Cell* bisa dipaké ku guru mata pelajaran dina nepikeun bahan pangajaran sangkan bisa ngaronjatkeun kana kompeténsi pangajaran maca nu lianna.
- 2) Guru sakuduna tetep méré pangajaran tina kompetensi dasar maca pamahaman biografi tokoh ka siswa. Sabab bisa nambahan pangaweruh sakaligus bisa néangan hal-hal anu positif nu bisa diajdikeun conto pikeun siswa ti mimiti sipat-sipat, perjuangana pikeun nyangking kasuksésan nu ngajadikeun siswa bisa ka motivasi pikeun diajar leuwih sumanget.
- 3) Perlu diayakeun deui panalungtikan anu ambahanana leuwih lega sangkan meunangkeun kacindekkan anu leuwih jembar hususna ngeunaan maca pamahaman biografi.